



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/4/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PATENARYA POU BAY ASIRANS SANTE POU
KOMINOTE BOKSÈ NEW YORK**

***NY State of Health ak Komisyon Atletik Eta New York ap pran pwa boksè yo nan
moman enskripsyon toupatou nan eta***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke NY State of Health, Mache Plan sante ofisyèl eta, ak Komisyon Atletik Eta New York ap travay ansanm pou enskri manm yo nan eta ki nan kominote bòks nan plan sante a bon mache. Aktivite enskripsyon asirans sante ap fèt toupatou nan New York anmenmtan avèk aktivite pou pran pwa boksè yo ki pwograme nan prentan sa.

“Boks se yon espò ki gen yon istwa rich nan New York, men tou se youn ki gen ladan anpil risk pou gason ak fi yo ki rantre ladan,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè sa ap ede asire ke konpetitè yo nan eta sa gen aksè a pwoteksyon sante ansanm avèk bon jan kalite tretman medikal ke yo bezwen.”

Anpil boksè pwofesyonèl ansanm avèk lòt manm nan kominote bòks la kap viv nan Eta aktyèlman pa gen asirans e yo pa gen pwoteksyon sizoka ta gen blesi oswa maladi. Pèsonèl sante sètifye Eta NY ap sou plas pou ede nan pran pwa pou enskri boksè ak antrenè yo nan plan sante sou plas.

Direktè Egzekitif NY State of Health Donna Frescatore te deklare, “Patenarya sa vle di boksè, antrenè ak fòmasyon yo ka fasilman jwenn enfòmasyon sou chwa asirans sante epi enskri nan yon plan sante touswit si yo kalifye. Nou remèsye Komisyon Atletik Eta New York pou efò yo, ak pou angajman yo paske yo mete enfòmasyon sou asirans sante a bon mache disponib pou moun sila yo ki nan kominote bòks la.”

Direktè Egzekitif Komisyon Atletik Eta New York David Berlin te deklare, “Nou kwè li enpòtan pou boksè yo gen kapasite pou yo wè yon doktè epi kenbe yon bon sante avèk yon egzamen fizik pa ane. Patenarya sa bay boksè yo ansanm avèk lòt moun ki nan kominote bòks la opòtinite pou enskri nan yon plan asirans sante atravè Mache Sante Eta NY. Sa a senp, pwojè bon sans pou ankouraje bon sante ak byennèt.”

Pèsonèl sante sètifye Eta NY ap òganize sesyon enskripsyon nan aktivite ki annaprè yo:

Pwa

- 18 Me – 5 P.M. – Rochester – Diplomat Party House and Diplomat Banquet Center, 1956 Lyell Avenue, Rochester, NY 14606
- 3 Jen – 5 P.M. – Whitehall – Whitehall Athletic Club, 62 Poultney St, Whitehall, NY 12887
- 24 Jen – 5 P.M. – Syracuse/Liverpool - Holiday Inn, Exit 37, 441 Electronics Pkwy, Liverpool, NY 13088

Aktivite Open House

- 13 Me - 3-7 P.M., Mendez Boxing, 23 E. 26 Ri, New York, NY 10010
- 17 Me - 3-7 P.M., John's Boxing Gym, 1703 Jerome Ave, Bronx, NY 10453
- 24 Me - 3-7 P.M., Morris Park Boxing Club, 644 Morris Park Ave, Bronx, NY 10460
- 27 Me - 3-7 P.M., Gleason's Gym, 77 Front St, Brooklyn, NY 11201

Enfòmasyon sou Mache Asirans Sante Eta New York

New York te ouvè mache plan sante li a, Sante Eta New York, nan mwa oktòb 2013. Mache a se yon eksperyans acha asirans sante yonsèl arè ki ofri bon jan kalite plan sante konplè. NY State of Health se sèl plas kote konsomatè yo ka kalifye pou ede yo peye pou asirans yo grasa prim rabè oswa kredi taks. Nouyòkè yo ka enskri tou nan pwogram asirans sante piblik atravè mache a pandan tout ane a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Mache Sante Eta New York, tanpri vizite <https://nystateofhealth.ny.gov/> oswa rele sèvis Kliyan nan 1-855-355-5777, TTY: 1.800.662.1220 oswa jwenn yon pèsònèl kap ede nan enskripsyon.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418